# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–16 अप्रैल 2025 भोजपुरी समाचार

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी अगिला हप्ता प्रदेस दौरा पर कानपुर आ सके लें। ओइजा उहां के कई गो विकास परियोजनन क लोकारपण अउर सिलान्यास करबि। सथहीं जनसभो के सम्बोधित करबि। कानपुर नगर क जिलाधिकारी जितेन्द्र प्रताप सिंह बतवलें कि कानपुर में जल्दिये प्रधानमंत्री क दौरा प्रस्तावित बा।

**शीघ्र ही माननीय प्रधानमंत्री जी का भी भ्रमण प्रस्तावित है और जो एक हमारी महात्वाकांक्षी योजना है कानपुर मेट्रो की, उसका एक फेज पहले इनआगरेट हो चुका है और उसी क्रम में जो कानपुर सेंट्रल से चुन्नीगंज का सेक्शन है उसका भी लोकार्पण होना है पब्लिक के लिए यूज करने के लिए और उसके अलावा जो हमारा नेवेली पावर प्लांट है घाटमपुर में उसकी साढ़े छह सौ मेगावाट की यूनिट का लोकार्पण होना है और पनकी का भी। और इसके अलावा भी दो ढाई सौ हमारी ऐसी परियोजनाएं हैं जिसका शिलान्यास और लोकार्पण प्रस्तावित है।**

**********

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में अपने सरकारी आवास पर आयोजित एगो उच्चस्तरीय बइठकी में उत्तर प्रदेश प्रदूषण नियंत्रण बोर्ड के कार क समीक्षा कइलें। मुख्यमंत्री, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के रिफॉर्म, परफॉर्म अउर ट्रांसफॉर्म मंत्र के मोताबिक उत्तर प्रदेश प्रदूषण नियंत्रण बोर्ड क पुनर्गठन के जरूरति पर जोर दिहलें। एगो रिपोर्ट–

**मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने कहा है कि वर्ष 1995 में गठन के पश्चात प्रदूषण नियंत्रण बोर्ड की गतिविधियों, क्षेत्र, कार्यप्रकृति में व्यापक परिवर्तन आ चुका है। बदलते समय की आवश्यकताओं के दृष्टिगत इनमें परिवर्तन किया जाना चाहिए।**
**श्री योगी ने कहा कि वर्तमान में प्रदेश के 75 जिलों में प्रदूषण नियंत्रण बोर्ड के 28 क्षेत्रीय कार्यालय हैं। इन्हें 18 मण्डलों पर पुनर्गठित किया जाए। साथ ही, प्रत्येक जनपद में एक–एक कार्यालय स्थापित किया जाए। जिन मण्डलों में औद्योगिक गतिविधियां अधिक हैं, वहां एक से अधिक क्षेत्रीय कार्यालय बनाये जा सकते हैं। समाचार कक्ष से विवेक सिंह**

मुख्यमंत्री कहलें कि नया दौर क पर्यावरणीय चुनौतियन क समुचित समाधान बदे बोर्ड में ठोस अपसिस्ट प्रबंधन, तरल अपसिस्ट प्रबंधन, हैजार्डस वेस्ट, ई–वेस्ट अउर बायोमेडिकल वेस्ट प्रबंधन सेल क गठन कइल जाए।

**********

उत्तर प्रदेश माध्यमिक शिक्षा परिषद छात्रन अउर अभिभावकन के परिषद के नांव से कइल जा रहल फरजी कॉल्स से सतर्क रहले क चेतावनी दिहले हौ। अइसन कॉल्स के जरिये बरिस दुइ हजार पचीस में भइल हाईस्कूल अउर इण्टरमीडिएट बोर्ड के परीक्षा में पइसा दिहले पर नम्बर बढ़वले क प्रलोभन दीहल जा रहल हौ। परिषद क सचिव भगवती सिंह फरियवलें कि अइसन फोन कॉल साइबर ठगन के ओरि से कइल जा रहल हौ अउर ओकर माध्यमिक शिक्षा परिषद से कउनों लेना–देना नाहीं हौ। परिषद के ओरि से येह सम्बन्ध में जारी सार्वजनिक सूचना के जरिये लोगिन से अपीलि कइल गइल हौ कि अइसन कॉल्स अइले पर जुरते अपने जिला क जिला विद्यालय निरीक्षक के सूचित कइ दें।

**********

श्रीराम जन्मभूमि मंदिर परकोटा के उत्तरी पच्छिमी कोंण पर बनल दुर्गा मंदिर के सिखर पर आजु कलस क स्थापना कइल गइल। ई जनकारी श्रीराम जनमभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्ट के ओरि से दीहल गइल हौ। एहसे पहिले काल्हि श्रीराम जनमभूमि मंदिर परिसर में स्थापित संत तुलसीदास के प्रतिमा कै पूजन के साथे लोकारपण कइल गइल रहे। ट्रस्ट के मोताबिक आवे वाला तीस अपरैल के अक्षय तृतीया के दिन्ने श्रीराम दरबार क स्थापना कइल जाई अउर जून में सज्जो विग्रहन क प्राण प्रतिस्ठा होई।

**********

धर्म अउर संगीत क नगरी काशी में विस्व प्रसिद्ध संकट मोचन संगीत समारोह क एक सौ दूवें संस्करण क आगाज आजु संझा के हौ। समारोह में आकरसण क केन्द्र आठ गो मसहूर कलाकारन क प्रस्तुति हौ। पद्मविभूषण पं. हरिप्रसाद चौरसिया के बांसुरी वादन से समारोह सुरू होई। एकरे अलावा मंदिर परिसर के कला दीर्घा में सौ से बेसी चित्रन क परदरसनियो लगावल गइल हौ जवन पहिले भइल कार्यक्रम क झलक प्रस्तुत करत देखाई दिहे।

**********

भारत में रेलि संचालन क आजु एक सौ बहत्तरवीं वर्षगांठ हौ। सोरह अपरैल अठारह सौ तिरपन के देस में पहिला रेलगाड़ी चलावल गइल रहे। रेल मंत्री अश्विनी वैषण ओह एतिहासिक क्षण के यादि कइलें जब रेलगाड़ी महाराष्ट्र के बोरीबंदर से ठाणे खातिर रवाना भइल रहे। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में श्री वैष्णव एके एतिहासिक दिन बतवले हवें।

**********

प्रदेस के पूरबी हिस्सन में बिहने से जबकि पच्छिमी इलाकन में अठारह से ले के बीस अपरैल ले कहीं–कहीं बरखा अउर गरज–चमकि के साथे बौछार परले क सम्भावना बा। मौसम विज्ञान विभाग अपने दैनिक मौसम पूर्वानुमान बुलेटिन में ई जनकारी दिहले हवें। विभाग बिहने अउर अठारह अपरैल के राति में ऊष्णता बढ़ले क चेतावनी दिहले हौ। सथहीं अठारह से ले के बीस अपरैल ले कहीं–कहीं झोंकेदार बेयारि चलले अउर बिजुलियो गिरले क चेतावनी जारी कइल गइल बा।

**********